

Seyans enfòmasyon "Ann Fini ak Zafè plon a" pou mwa Oktòb 2021

Chè Pwopriyetè,

Pou nou vanse ak angajman nou genyen an pou nou bay pwopriyetè yo enfòmasyon sou obligasyon yo genyen selon lalwa, Depatman Konsèvasyon ak Devlopman Lojman (Department Of Housing Preservation and Development, HPD) an pral pibliye yon seri bilten anliy nan imèl chak trimès. Chak bilten pral mete aksan sou yon aspè sou lwa yo men objektif li se pa pou kouvri tout lwa ak règ ki aplikab yo. Bilten sa a ap disponib nan lòt lang sou [Paj Web HPD a](#) nan de (2) semèn k ap vini yo, anba tit *Seyans enfòmasyon yo*.

Publikasyon sa a ap la pou bay enfòmasyon sèlman epi se pa konsèy jiridik li ye. Enfòmasyon sa yo, se pa yon deskripsyon konplè ni final de tout responsabilite pwopriyetè kay ak lokatè genyen dapre lalwa ak règ ki konsène lojman nan Vil New York.

ATANSYON: NIVO PLON NAN PENTI KI KONDISYONE APLIKASYON LWA LOKAL 1 ANE 2004 LA AP CHANJE

Anba Lwa Vil New York sou prevansyon anpwazònman ak plon lakay timoun yo, ke yo rele tou lwa lokal 1 ane 2004 la (Lwa lokal 1), definisyon penti ki fèt ak plon ki aktyèlman anplas la se “yon penti ki gen yon kantite plon ki egal ak oswa plis pase 1.0 mg /cm²”. Kantite plon ki nan penti an ka detèmine swa pa:

- Yon analiz yon laboratwa de yon echantyon penti an ki kolekte pa yon enspektè plon sètifye oswa yon evalyatè risk; oswa
- Analiz ak yon enstriman yo rele yon X-ray Florescence analyser (XRF), ki ka itilize sou yon sit pa yon enspektè plon sètifye oswa yon evalyatè risk. Enstriman sa a dwe apwouve nan yon nivo tès ke yo rele yon "nivo aksyon" pa Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini. Apwobasyon an vin ofisyèl lè yo remèt yon fèy ki endike karakteristik pèfòmans (PCS) yo, ki deklare nivo aksyon ke enstriman an te teste an epi li bay konsèy sou fason pou ou itilize ak konprann rezilta enstriman yo teste ak apwouve a.

Nan dat ki ap 1ye desanm 2021, an konfòmite avèk Lwa lokal 66 ane 2019 la ak règleman ke Depatman Lojman Prezèvasyon ak Devlopman (HPD) a adopte yo, definisyon penti ki fèt ak plon yo pral amande epi yo ap vin defini kòm penti ki gen yon kantite plon ki egal oswa plis pase 0.5 mg / cm² ki detèmine pa yon analiz laboratwa oswa yon enstriman XRF ak yon PCS ki apwouve ak pwograme nan yon nivo aksyon ki egal a 0.5 mg / cm². Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini apwouve yon PCS pou enstriman deteksyon XRF Model Pb200i ki ka teste yon nivo aksyon ki egal a 0.5 mg / cm². Se poutèt sa, enstriman sa a pral oblije fè tès XRF la nan Vil New York jiskaske yon lòt enstriman komèsyal ki disponib sou mache a ka teste yon nivo aksyon PCS apwouve ki egal a 0.5 mg/cm².

PCS yo pou Viken Detection Model Pb200i ki teste nan yon nivo aksyon 0.5 mg / cm^2 klase rezilta li yo konsa:

- **pozitif** pou penti ki fèt ak plon si machin nan mezire ke kantite plon yo plis pase oswa egal a 0.6 mg / cm^2
- **negatif** pou penti ki fèt ak plon si machin nan mezire ke kantite plon yo mwens pase oswa egal a 0.4 mg / cm^2
- **San konklizyon** pou penti ki fèt ak plon si machin nan mezire ke kantite plon an egal a 0.5 mg/cm^2 .

Chanjman sa a nan sansiblite machin nan pou teste nivo plon ki nan penti ki pi ba yo vle di ke sifas ke yo te teste anvan kòm negatif paske yo te itilize yon enstriman XRF ki te egal a 1.0 mg / cm^2 nivo aksyon an ka teste pozitif paske nou ap sèvi kounye avèk yon enstriman apwouve ki pwograme a yon nivo aksyon ki egal a 0.5 mg / cm^2 jan yo ap egzije li apre, 1ye desanm 2021.

Kisa sa vle di pou pwopriyete bilding yo?

Chanjman an ap genyen enpak sou tout egzijans ke nou te genyen anba lwa lokal 1, ki gen ladan men pa limite ak sa sèlman:

- Emisyon vyolasyon HPD pou danje penti ki gen plon yo
- Konfòmite avèk kondisyon ki aplikab sou woulman inite yo
- Konfòmite avèk egzijans pou konplete tès XRF a nan tout inite ki sijè a lwa lokal 1 a anvan 2025
- Egzanpsyon penti ki gen plon ki soti nan HPD

Tanpri revize ak anpil atansyon dokiman ki sou [Kesyon yo poze pi souvan yo](#) ki atache ak lèt sa pou plis enfòmasyon espesifik sou chanjman ki enpòtan pou chak pwosesis.

Anba nan lèt sa genyen yon eksplikasyon sou enpak chanjman sa a ap genyen sou pwosesis vyolasyon HPD:

- **KOUNYE A:** HPD fè enspeksyon vizyèl nan apatman nan bilding ki te bati anvan 1960 yo kote yon timoun ki poko gen sis lane abite epi li fè tès XRF la kote penti yo ap kale.
 - **Penti a pozitif** si enstriman XRF la detèmine yon kantite plon ki egal a 1.0 mg / cm^2 oswa pi plis pase sa a. HPD a nan ka sa ap bay yon vyolasyon pou siyale yon danje penti ak plon. Yon pwopriyete pa ka konteste vyolasyon sa a.
 - **Penti an negatif** si enstriman XRF la detèmine yon kantite plon ki egal a 0.9 mg / cm^2 oswa mwens. HPDnan ka sa a pap bay okenn vyolasyon pou yon danje penti ki gen plon.
 - **Penti a pa teste, men sipoze ke li gen plon lè yo** baze yo sou sipozisyon ki etabli nan lwa lokal 1 an. Si yon enspektè obsève ke yon timoun ki poko gen sis lane ki abite nan yon apatman epi penti a ap kale men penti a pa kapab teste pa enspektè a pandan peryòd lan oswa pa HPD pandan yon enspeksyon swivi, HPD ap bay yon vyolasyon danje penti ki ta sipoze gen plon. Yon mèt kay ka konteste vyolasyon sa a lè li bay rezilta tès laboratwa oswa XRF ki montre ke penti a te detèmine ke li gen yon kantite plon ki mwens pase 1.0 mg / cm^2 . Tès XRF la dwe fèt lè avèk yon enstriman ki gen yon PCS apwouve nan nivo aksyon 1.0 mg / cm^2 ak tès nan nivo aksyon ki egal a 1.0 mg/cm^2 .
- **KOMANSE 1 DESANM 2021:** Enspektè HPD yo ap kontinye enspekte avèk menm pwosesis la, men yo pral itilize enstriman XRF ak PCS apwouve yo nan nivo aksyon 0.5 mg / cm^2 epi yo ap mete yo nan nivo aksyon ki egal a 0.5 mg/cm^2 .
 - **Penti an pozitif** si enstriman XRF la detèmine yon kantite plon ki egal a 0.6 mg / cm^2 oswa pi plis pase sa a HPD a nan ka sa ap bay yon vyolasyon pou siyale yon danje penti ak plon. Yon pwopriyete pa ka konteste vyolasyon sa a.

- ***Penti an negatif*** ak plon si kantite plon ke yo detèmine nan enstriman XRF yo mwens oswa egal a 0.4 mg/cm^2 . HPD a nan ka sa a p ap bay yon vyolasyon pou yon danje penti ki gen plon.
- ***Penti a pa teste, men sipoze ke li gen plon lè yo*** baze yo sou sipozisyon ki etabli nan lwa lokal 1 an. Menm jan ak pwosesis aktyèl la, si yon enspektè obsève ke yon timoun ki poko gen sis lane abite nan yon apatman epi penti a ap dekale, men enspektèa pa ka teste penti a pandan peryòd la oswa pa HPD pandan yon enspeksyon swivi, HPD ap bay yon sipozisyon vyolasyon danje penti ki gen plon. Yon mèt kay ka konteste vyolasyon sa a men li dwe bay yon rezilta tès laboratwa XRF ki montre yo detèmine ke penti an gen yon kantite plon ki mwens pase 0.5 mg / cm^2 . Tès XRF la dwe fèt avèk yon enstriman ak yon PCS apwouve nan nivo aksyon 0.5 mg / cm^2 ak tès nan nivo aksyon ki apwouve a 0.5 mg / cm^2 .
- ***Penti an teste kòm "san konklizyon yo" pou kantite plon ki egal a 0.5 mg / cm^2 epi yo sipoze ke se yon penti ki gen plon.*** HPD a ap bay yon vyolasyon danje penti ki gen plon ak yon nouvo nimewo lòd vyolasyon espesifik ak rezilta sa a. Yon mèt kay ka konteste vyolasyon sa a SÈLMAN lè li bay rezilta tès laboratwa ki montre ke penti a gen yon kantite plon ki mwens pase 0.5 mg / cm^2 . Yo p ap aksepte tès XRF pou kontestasyon an.